



Etidyan Entènasyonal Ak Nimewo Sekirite Sosyal

Ki sa ki andedan

Estatimigrasyon	2
Elijiblite pou travay	2
Laj	2
Idantite	2
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Èske w Ozetazini tanporèman pou ale nan yon kolèj, yon lekòl pou aprann yon lang, yon lekòl pwofesyonèl oswa lekòl non-akademik avèk yon klasifikasyon elèv ki pa imigran **F-1, M-1**, oswa **J-1?** Lekòl ou a ka mande w pou nimewo Sekirite Sosyal ou. Kèk kolèj ak lekòl itilize nimewo Sekirite Sosyal kòm nimewo idantifikasiyon elèv la. Si w pa gen yon nimewo Sekirite Sosyal, kolèj la oswa lekòl la ta dwe kapab ba w yon lòt nimewo idantifikasiyon.

Yo jeneralman asiye nimewo Sekirite Sosyal yo pou moun ki gen otorizasyon pou travay Ozetazini. Yo itilize nimewo Sekirite Sosyal yo pou rapòte salè w bay gouvènman an epi pou detèmine elijiblite pou benefis Sekirite Sosyal.

Sekirite Sosyal pa pral asiye w yon nimewo senpleman paske w bezwen enskri nan yon kolèj oswa yon lekòl.

Si w vle jwenn yon djòb nan kolèj kote w ale a, ou ta dwe kontakte ofisyèl lekòl la ki deziye pou elèv entènasyonal yo. Ofisyèl sa a kapab di w si w elijib pou travay nan lekòl la epi li ka ba w enfòmasyon sou ki kalite djòb ki disponib. Epitou, lekòl ou a ka apwouve kèk travay ki andeyò lekòl la ki limite, jan yo pèmèt sa a daprè règleman Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS). **Si lekòl ou a te otorize w pou travay swa nan lekòl la swa andeyò lekòl la, epi ou satisfè kondisyon elijiblite Sekirite Sosyal ki dekri nan pwochen seksyon an, ou ka jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal.**

An jeneral, se sèlman moun ki pa sitwayen ki gen pèmisyon nan men DHS pou travay ki ka aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Nou sijere pou ret tann 48 èdtan aprè w fin ale nan lekòl ou a anvan w aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Atant sa a pral ede nou asire nou ka verifye estati imigrasyon w avèk DHS.

Pou aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal nan biwo lokal Sekirite Sosyal ou a:

- Ranpli yon aplikasyon pou yon kat Sekirite Sosyal; epi
- Montre nou kèk dokiman ki pwouve:
 - Estatimigrasyon ki ba w otorizasyon pou travay;
 - Laj; ak
 - Idantite.

Estatimigrasyon

Pou pwouve estati imigrasyon w, ou dwe montre nou yon temm admisyon ki valid nan paspò etranje w ki poko ekspire ansanm ak *dosye rantre/sòti w* (Fòm I-94), si li disponib. Si w se yon elèv F-1 oswa M-1, ou dwe montre tou *Sètifikasi Elijiblite pou Estati Etidyan ki pa Imigran* (Fòm I-20). Si w se yon vizitè etranje J-1, ou dwe montre nou *Sètifikasi Elijiblite w pou Estati Vizitè Etranje* (Fòm DS-2019).

Elijiblite pou travay

Si w se yon elèv F-1 epi w elijib pou travay nan lekòl la, ou dwe bay yon lèt ki sot nan men ofisyèl lekòl la deziye ki

- Idantifye w;
- Konfime estati aktyèl ou nan lekòl la; epi
- Idantifye anplwayè w ak tip travay w ap fè oswa w pral fè.

Epitou nou pral bezwen wè evidans travay, tankou yon souchèk resan oswa yon lèt ki sot nan men anplwayè w la. Sipèviziè w la dwe siyen epi mete dat sou lèt li ekri konsènan travay ou. Lèt sa a dwe dekri

- Travay w ap fè;
- Dat ou te kòmanse travay;
- Kantite èdtan w ap travay, oswa ou pral travay; epi
- Non ak nimewo telefòn sipèviziè w.

Si w se yon elèv F-1 ki otorize pou travay nan fòmasyon eskolè pratik (curricular practical training, CPT), ou dwe ban nou Fòm I-20 epi se pou ofisyèl lekòl la deziye a ranpli epi siyen paj ki gen rapò ak travay la.

Si w se yon elèv F-1 oswa M-1 epi w genyen yon pèmi pou travay (Fòm I-766) ki sot nan DHS, ou dwe prezante l.

Si w se yon elèv J-1, elèv estajyè, oswa vizitè entènasyonal, ou dwe bay yon lèt parenn ou te ekri pou sipòte w. Lèt la ta dwe ekri sou papye a antèt parenn ou an avèk yon siyati orijinal ki otorize w pou travay.

Nou paka travay sou aplikasyon w lan si

- Travay nan lekòl ou a oswa CPT w la kòmanse plis pase 30 jou apati dat aplikasyon w lan; oswa
- Dat pou kòmanse travay ki sou pèmi travay DHS ba w la (Fòm I-766) se yon dat alavni.

Laj

Ou dwe prezante batistè etranje w la si w gen youn oswa ou ka jwenn li nan yon espas 10 jou ouvrab. Si w paka prezante batistè etranje w, nou ka konsidere lòt dokiman, tankou paspò w oswa yon dokiman DHS te ba w, kòm prèv pou laj ou.

Idantite

Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv idantite. Yon dokiman ki akseptab dwe ajou (pa ekspire) epi li dwe montre non w, enfòmasyon ki idantifye w, epi preferableman yon foto ki resan. Sekirite Sosyal pral mande w pou wè paspò etranje w la ki pa ekspire ansanm avèk dokiman imigrasyon DHS te ba w.

Tout dokiman yo ta dwe orijinal oswa kopi ajans ki pwodui yo a sètifye. Nou paka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman yo ki notarye. Epitou nou paka aksepte yon resi ki montre ou te aplike pou dokiman an. Nou ka itilize yon dokiman pou de bi. Pa egzanp, nou ka itilize tenm admisyon w lan nan paspò etranje w ki pa ekspire a kòm prèv pou ni elijiblite w ni idantite w.

Nou pa oblige w pou gen yon nimewo Sekirite Sosyal anvan w kòmanse travay. Sepandan, Internal Revenue Service egzije pou anplwayè yo itilize yon nimewo Sekirite Sosyal pou rapòte salè. Toutpandan w ap tann pou resevwa nimewo Sekirite Sosyal ou a, anplwayè w la ka itilize yon lèt ki soti nan men nou ki fè konnen ou te aplike pou yon nimewo. Anplwayè w la itilize dokiman imigrasyon w lan kòm prèv otorizasyon ou genyen pou travay Ozetazini. Anplwayè yo ka jwenn plis enfòmasyon sou entènèt la nan www.socialsecurity.gov/employer/hiring.htm.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon

benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;

- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandé.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10181-HC | August 2017

Etidyan Entènasyonal Ak Nimewo Sekirite Sosyal
International Students And Social Security Numbers (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a